

BAB 1

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Masalah

KTSP (*Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan*) nya éta kurikulum anyar anu geus lumangsung 4 taun. Kurikulum anu samistina dilaksanakeun kalayan gembleng di unggal sakola téh, dina prak-prakanana mah masih kurang merhatikeun kahontalna kompetensi siswa. Paradigma heubeul anu masih kénéh tumerap nya éta kabiasaan diajar-ngajar anu hésé dirobah. Ieu hal katitén dina RPP (*Rencana Pelaksanaan Pembelajaran*) anu dijieun ku guru, tur tina cara ngajar guru anu masih kénéh maké cara anu heubeul, nya éta dominan ngagunakeun métode ceramah.

Guru miboga kalungguhan anu dominan sedengkeun siswa résésif, guru jadi palaku sedengkeun siswa panongton, sarta guru aktif sedengkeun siswa pasif. Ku lantaran siswa biasa jadi panongton di jero kelas, maranéhna geus ngarasa betah dina kondisi narima tur teu biasa pikeun méré. Ayana kabiasaan anu geus tumerap tur hésé dirobahna, kondisi kawas kieu kamungkinan disababkeun ku lantaran pangaweruh jeung kaahlian guru anu masih kawatesanan ngeunaan kumaha siswa diajar, sarta kumaha cara ngajarkeun ka siswa. Problématikana nya éta kumaha ngarobah sikep guru anu dominan di jero kelas. Ku ayana paradigma anu barobah, dipiharep kabiasaan murid anu pasif saeutik-eutik mah jadi robah jadi aktif.

Prosés diajar-ngajar mangrupa kagiatan anu penting, sabab dina jero kagiatan ieu aya prosés yén siswa kudu bisa ngarobah pangaweruhna, kaparigelanana, jeung sikepna kana kaayaan anu leuwih hadé. Guru miboga pancén utama pikeun narékahan siswa tur ngondisikeun siswa pikeun diajar aktif nepi ka poténsi (kognitif, aféktif, jeung psikomotor) bisa mekar kalayan maksimal. Sangkan hal éta bisa kacipta, guru satemenna kudu apal kumaha cara siswa diajar sarta ngawasa kana cara ngajarkeun ka siswa.

Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar mata pelajaran basa jeung sastra Sunda, nyoko kana hakékat pangajaran basa jeung sastra. Diajar basa dina dasarna nya éta diajar komunikasi, sedengkeun diajar sastra nya éta diajar ngahargaan ajén-ajén kamanusaan sarta ajén-ajén kahirupan. Standar Kompetensi mata pelajaran basa Sunda ngawéngku 4 komponen kaparigelan basa kudu dicangking ku siswa, nya éta 1) ngaregepkeun, 2) nyarita, 3) maca, jeung 4) nulis.

Salah sahiji komponen kaparigelan basa nu diwanohkeun, dimekarkeun jeung dilatih, nya éta kaparigelan nulis. Nulis mangrupa salah sahiji kaparigelan basa nu digunakeun pikeun komunikasi sacara teu langsung atawa teu paamprok jonghok jeung jalma séjén. Nulis ogé mangrupa salah sahiji kagiatan produktif jeung *ekspresif* (Tarigan, 1985:3-4). Ngalatih kaparigelan nulis mangrupa hiji kabutuhan. Kagiatan nulis mangrupa hiji cara pikeun ngedalkeun kahayang, élmu tur informasi hiji jalma dina wangun tinulis. Dina ieu kaparigelan, tujuan bisa kahontal lamun sakumna panulis mampuh nyusun sarta mampuh ngedalkeun sagala rupana nu aya dina pikiran sajéntré-jéntréna dumasar kana pikiran,

organisasi, pamakéan kecap-kecap, jeung struktur kalimah. Patali jeung hal ieu, tujuan nulis nya éta méré informasi, ngajéntrékeun atawa medar ngeunaan hiji kajadian, ngayakinkeun, jsb.

Dina KTSP, aya kompetensi dasar dina kaparigelan nulis, salah sahijina siswa diperedih sangkan bisa nulis téks hasil wawancara. Nurutkeun Kosasih (2005:225), wawancara nya éta hiji cara pikeun ngumpulkeun data kalawan ngajukeun patalékan langsung ka saurang informan atawa otoritas (ahli dina hiji masalah). Ambary et al. (1994:10) nétélakeun yén wawancara nya éta tanya jawab antara hiji jalma jeung jalma séjén, hiji jalma jeung sababaraha urang, atawa tanya jawab antara panalungtik jeung narasumber (jalma/instansi anu jadi sumber utama atawa anu pangwanohna kana hiji masalah). Téks wawancara nya éta hasil tina kagiatan wawancara anu disusun dina wangun tinulis. Dina nulis téks hasil wawancara nyatana henteu bisa sagawayah, siswa diperedih pikeun nyangkem tata basa boh sacara gramatik boh sintaksis tur nyangkem undak-usuk basa. Éta hal gumantung ka saha anu disanghareupanna atawa nu jadi informan dina waktu wawancara. Ti dinya, siswa nyalin kana wangun tinulis sakumaha hasil wawancara kalayan maké tata basa anu sopan tur bener.

Dina prosés diajar-ngajar di sakola, aya tilu léngkah anu kudu diperhatikeun ku guru dina ngokolakeun kagiatan diajar-ngajar. Éta léngkah téh ngawengku ngararancang pangajaran, ngalaksanakeun pangajaran, jeung ngaévaluasi pangajaran (Rahman, 2000:4). Guru salaku nu ngadidik, mibanda pancén di antarana ngondisikeun lingkungan diajar anu hadé, sangkan tujuan anu dipiharep

dina prosés diajar-ngajar bisa kahontal kalawan nyugemakeun. Nurutkeun Sudjana (2002:1), lingkungan diajar-ngajar anu diatur ku guru ngawengku tujuan pangajaran, bahan pangajaran, métodologi pangajaran, jeung penilaian pangajaran, anu sakabéhna bisa disebut ogé komponén-komponén pangajaran.

Dina métodologi pangajaran, guru diperedih pikeun milih téknik jeung métode nu kumaha nu rék digunakeun. Modél pangajaran anu dipaké ogé kudu luyu jeung komponén-komponén pangajaran sangkan bisa ngahontal tujuan pangajaran. Modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) mangrupa hiji modél anu bisa dipaké pikeun pangajaran nulis. Dina modél pangajaran ieu aya tilu hal nu utama, nya éta *think* (mikir), *talk* (nyarita), jeung *write* (nulis). Ieu modél miboga galur nu tangtu, nya éta dimimitian ku ayana prosés mikir sorangan sabada maca, tuluy siswa ngalakukeun diskusi pikeun nyarita nepi ka silih méré ide (*sharing*) jeung babaturanna, nu pamungkas siswa nuliskeun di sakabéh ide pikeun ngungkulan masalah nu aya. Modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) ieu téh bisa disebut éféktif lantaran sakabéh siswa bisa di bagi kana kelompok anu hétérogén, jumlahna bisa 3-5 urang siswa. Siswa diperedih pikeun maca, nyieun catetan mini, ngajelaskeun, ngaregepkeun jeung silih méré ide, tuluy ngébréhkeun sakabéh ide ngaliwatan tulisan.

Modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) henteu meredih siswa kudu cicing atawa diuk dina bangku, atawa ngan merhatikeun tur diajar narima naon-naon anu ditepikeun ku guru wungkul, tapi meredih siswa pikeun aktif, kréatif tur bisa mikir kritis dina nyanghareupan masalah. Salian ti éta, siswa dirojong pikeun

wani ngébréhkeun argumén sarta tukeur informasi jeung babaturanana saluyu jeung ide atawa solusi anu dicangking ku unggal siswa.

Kiwari dina kahirupan sapopoéna urang Sunda anu ngagunakeun basa Sunda geus ngurangan. Kolot ayeuna loba nu teu ngalarapkeun basa Sunda ka barudakna, komo tradisi jeung kabudayaan Sundana mah. Alesanna téh rupa-rupa, aya ku lantaran hésé maké undak-usuk basa, géngsi, sieun salah, jrrd. Diperlukeun hiji tarékah sangkan bisa ngungkulan éta pasualan-pasualan. Dunya atikan mangrupa dunya anu deukeut jeung masarakat sabab bisa nangtukeun kualitas hiji jalma dina nyorang kahirupan. Salasahiji cara anu bisa dilakukeun ku panulis, nya éta nalungtik tur ngayakeun pangajaran anu aya hubunganana jeung ngungkulan pasualan-pasualan nu tadi diébréhkeun, saperti dina pangajaran nulis. *Think-Talk-Write* (TTW) kungsi ditalungtik dina disertasi ku jurusan lian anu judulna “*Menumbuhkembangkan Kemampuan Pemahaman dan Komunikasi Matematik Siswa SMU Melalui Strategi Think-Talk-Write (TTW)*” ku Ansari dina taun 2003. Modél Pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) dina pangajaran nulis téks hasil wawancara can kungsi aya nu nalungtik, ku kituna panyusun nalungtik ngeunaan “*Modél Think-Talk-Write (TTW) dina Pangajaran Nulis Téks Hasil Wawancara (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas IX SMP Negeri 1 Dayeuhkolot Taun Ajaran 2010/2011)*”.

1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Masalah anu ditalungtik diwatesanan ngeunaan:

- a) Modél *Think Talk Write* (TTW);
- b) Kamampuh nulis téks hasil wawancara;
- c) Siswa SMP Negeri 1 Dayeuhkolot kelas IX.

1.2.2 Rumusan Masalah

Rumusan masalah ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

- a) Kumaha kamampuh nulis téks hasil wawancara siswa kelas IXC saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW)?
- b) Kumaha kamampuh nulis téks hasil wawancara siswa kelas IXC sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW)?
- c) Naha aya béda nu signifikan antara kamampuh siswa kelas IXC dina nulis téks hasil wawancara saméméh jeung sanggeus maké modél *Think Talk Write* (TTW)?
- d) Naha modél *Think Talk Write* (TTW) bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis téks hasil wawancara siswa kelas IXC?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan téh miboga tujuan hayang apal ngeunaan pangaruh modél *Think Talk Write* (TTW) dina pangajara nulis téks hasil wawancara pikeun siswa kelas IX SMP Negeri 1 Dayeuhkolot.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan nya éta ngadeskripsikeun opat hal ieu di handap.

- a) Kamampuh nulis téks hasil wawancara siswa kelas IXC saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW);
- b) Kamampuh nulis téks hasil wawancara siswa kelas IXC sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW);
- c) Bédana nu signifikan antara kamampuh siswa kelas IXC dina nulis téks hasil wawancara saméméh jeung saenggeus make modél *Think Talk Write* (TTW);
- d) Modél *Think Talk Write* (TTW) bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis téks hasil wawancara siswa kelas IXC.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Hasil tina ieu panalungtikan téh, dipiharep bisa nambahan élmu pangaweruh, jeung bisa nambahan ngeunaan tiori pangajaran nulis téks hasil

wawancara di SMP, sarta pikeun ngamekarkeun strategi pangajaran dina nulis téks hasil wawancara kelas IX di SMP.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, panalungtikan ieu dipiharep bisa méré mangpaat pikeun guru, siswa jeung lembaga.

1) Guru

Panalungtikan ieu miboga sababaraha mangpaat pikeun guru basa Sunda, nya éta:

- a. Nambahan pangaweruh, anu engkéna bisa jadi bahan tinimbangan dina ngalaksanakeun prosés KBM (Kegiatan Belajar Mengajar), hususna dina ngajarkeun nulis sarta mikanyaho kamampuh siswa dina nulis téks hasil wawancara;
- b. Bisa dijadikeun bahan dina ngokolakeun pangajaran nulis téks hasil wawancara;
- c. Bisa jadi strategi alternatif pangajaran nulis téks hasil wawancara, jeung dilarapkeun di kelas;
- d. Bisa jadi référénsi dina milih bahan atawa matéri pangajaran.

2) Siswa

Méré élmu pangaweruh jeung gambaran ngeunaan pangajaran nulis téks hasil wawancara ku cara ngagunakeun modél pangajaran nu luyu jeung ragem, sangkan bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis téks hasil wawancara.

3) Lembaga

Méré gambaran ngeunaan modél pangajaran nu éféktif pikeun pangajaran nulis téks hasil wawancara.

1.5 Wangenan Istilah

Istilah-istilah anu kudu dipedarkeun dina ieu panalungtikan nya éta modél pangajaran, modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW), nulis, jeung téks hasil wawancara.

1) Modél Pangajaran

Dina Rahman (2007:7), Kemp nétélakeun yén modél pangajaran nya éta hiji rarancang pangajaran (*design instructional*) anu digunakeun dina nangtukeun maksud jeung tujuan unggal topik/poko bahasan (*goals topics and purpose*), nganalisis karakteristik warga ajar (*learner characteristic*), nyusun tujuan instruksional (*learning objectives*), milih eusi pangajaran (*subject content*), ngalakukeun pretest (*preassessment*), ngayakeun évaluasi (*evaluation*), tur nyieun révisi (*revies*). Dina *Kamus Basa Sunda R.A Danadibrata* (2006:9), pangajaran nya éta sagala anu diajarkeun.

2) Modél Pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW)

Modél pangajaran TTW diwanohkeun ku Huinker & Laughin. Modél ieu dirarancang pikeun nglakukeun kagiatan *think* (mikir), *talk* (nyarita), jeung *write* (nulis).

3) Nulis

Nulis mangrupa salah sahiji kaparigelan basa nu digunakeun pikeun komunikasi sacara teu langsung atawa teu sacara paamprok jonghok jeung jalama séjén. Nulis mangrupa salah sahiji kagiatan nu produktif jeung *eksresif* (Tarigan, 1985:3-4). Nulis ngedalkeun pikiran jeung rasa (saperti ngarang, nyieun surat) kana tulisan (KBBI, 1992:).

4) Téks Wawancara

Nurutkeun Kosasih (2005:225), wawancara nya éta hiji cara pikeun ngumpulkeun data ku cara ngajukeun patalékan langsung ka hiji informan atawa otoritas (saurang ahli dina hiji masalah). Dina *Kamus Basa Sunda R.A Danadibrata* (2006:739), wawancara nya éta gunem-catur.

Téks wawancara nya éta hasil tinulis tina kagiatan wawancara. Téks wawancara ngébréhkeun rupaning informasi ti hiji atawa sababaraha informan/narasumber. Biasana téks hasil wawancara ditulis dina wangun dialog saperti téks drama.

1.6 Anggapan Dasar jeung Hipotésis

1.6.1 Anggapan dasar

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

- a) Nulis téks hasil wawancara mangrupa salahsahiji kaparigelan anu diajarkeun di SMP kelas IX anu aya dina SKKD;
- b) Modél pangajaran anu éféktif, nya éta anu luyu jeung bahan pangajaran, sarta bisa ngahontal tujuan pangajaran.

1.6.2 Hipotésis

Hipotésis dina panalungtikan ieu, nya éta “ aya bédana anu signifikan antara hasil diajar siswa dina nulis téks hasil wawancara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Think-Talk-Write* (TTW), sarta éta modél pangajaran téh bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis téks hasil wawancara”.

1.7 Sistematika Panulisan

BAB 1 BUBUKA

Dina bab 1 dibahas ngeunaan kasangtukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, wangenan istilah jeung sistematika nulis skripsi.

BAB II LANDASAN TIORI

Dina bab II dibahas ngeunaan tiori-tiori anu jadi dadasar tina panalungtikan. Saluyu jeung judul panalungtikan, dina bab II diperedih ngeunaan modél

pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW), nulis, jeung téks wawancara. Salian ti éta ogé, dipedar kalungguhanana dina KTSP.

BAB III MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

Dina Bab III dipedar ngeunaan desain panalungtikan, populasi jeung sampel, métode panalungtikan, téhnik panalungtikan, sarta instrumén panalungtikan,.

BAB IV ANALISIS HASIL PANALUNGTIKAN

Dina Bab IV dipidangkeun hasil panalungtikan tur analisis data anu diitung maké élmu statistika.

BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

Dina bab V dipidangkeun kacindekan jeung saran sanggeus ngalakukeun panalungtikan.

DAPTAR PUSTAKA

Dina daptar pustaka dipidangkeun sumber-sumber data saperti buku-buku sumber salaku rujukan anu ngarojong kana panyusunan hasil panalungtikan.